
Chè paran, responsab, elèv yo fèk admèt nan lekòl segondè:

Edikasyon sante qui anseye elèv pran bonjan desizyon pèmèt elèv bay pi bon ranman lekòl ak nan lavi. Ansanm ak kourikoulòm edikasyon sante, Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) ofri yon Pwogram kondòm ki disponib (Condom Availability Program, CAP) nan lekòl segondè pou ede elèv pran bon jan desizyon andeyò salklas la. Atravè CAP, elèv nan klas 9yèm jiska 12yèm ane ka mande estaf lekòl la ki resevwa trening kondòm gratis, enfòmasyon sante presi onivo medikal ak rekòmandasyon doktè.

Ou gen dwa mande lekòl la pou li **pa** bay pitit ou a kondòm. Dapre Seksyon 2504 Lwa sou Sante piblik, ou pa kapab mande sa si pitit ou a 1) gen laj 18 ane oswa plis ; 2) marye oswa te marye ; 3) gen pitit, ak/oswa 4) si li gen dwa dapre lalwa pou bay konsantman pou tèt li.

Pou mande pou yo **pa** bay pitit ou kondòm nan pwogram CAP la, ou dwe ekri m yon lèt ki gen:

- Tout non elèv la okonplè
- Klas elèv la ap fè
- Nimewo idantifikasyon elèv la (Sonje: Si w pa gen enfòmasyon sa yo, nou ka jwenn li pou ou)
- Deklarasyon sa a: “[Tout non elèv la] pa sipoze resevwa kondòm atravè pwogram Condom Availability Program (CAP).”
- Siyati w kòm paran, responsab

Si w chanje lide w epi ou deside pitit ou a ka mande kondòm gratis, ou ka voye yon lèt ban mwen nenpòt lè pandan ane lekòl la. Manm estaf CAP ki resevwa trening pran angajman pou kenbe patisipasyon tout elèv nan pwogram lan konfidansyèl.

Nou ankouraje w pou gen konvèsasyon lakay ou osijè sante seksyèl ak lòt sijè sante pou ede yo fè bon chwa sante ki pozitif. Mèsi poutèt ou kolabore avèk nou pou ede fè elèv Vil Nouyòk santi yo an sekirite, ansante ak gen kapasite pou reyisi.

Avèk senserite,

Direktè